**Муниципальное бюджетное общеобразовательное учреждение**
**«Бильтой-Юртовская средняя школа»**
**(МБОУ «Бильтой-Юртовская СШ»)**

УТВЕРЖДЕНО
приказом директора МБОУ
«Бильтой-Юртовская СШ»
от «30» августа 2023г №148

# РАБОЧАЯ ПРОГРАММА

**учебного предмета «Чеченская литература» (базовый уровень)**

для обучающихся 10 – 11 классов

Составитель-учитель чеченского языка и чеченской литературы Буруева Д.Т..

**с.Бильтой-Юрт, 2023г.**

## Нохчийн литературин 10, 11-чуй классашна лерина программа

## Кхеторан кехат

Нохчийн литературин йуккъерчу йукъардешаран ишколана лерина программа хIоттийна:

- Федеральни пачхьалкхан дешаран стандартан, коьртачу дешаран программин буха тIехь;
- С.Э.Эдиловн нохчийн литературин герггарчу хьесапехь йолчу программин буха тIехь;

Бильтой-Юьртарчу йуккъерчу ишколан коьрта дешаран хьесапан буха т1ехь;

Бильтой-Юьртарчу йуккъерчу ишколан коьрта дешаран программин буха т1ехь.

Йуккъерчу йукъардешаран ишколана лерина герггарчу хьесапехь йолу программа шен чулацаман башхаллашца къаьсташ йу, цкъа-делахь, йуккъерчу йукъардешаран къепен (системин) предметийн чулацамца, шолгIа-делахь, Iамочеран психологически а, хенийн а башхаллашца.

Программо билгалдо инвариантни (ца Iамийча ца долу) дешаран курсан дакъа, таро ло, белхан программаш хIиттош, дешаран коьчал дIасайекъа, курсан дакъош шайн лаамехь хьалха-тIаьхьа нисдеш, хьеха. Иштта цо аьтто бо дешаран цхьаалла ларйарехь а, дешаран курс тайп-тайпанчу кепара дIахIотторехь а.

Программо Iамо билгалйина нохчийн литературин тоьлла произведенеш, уьш массо йукъардешаран ишколашна лерина а, жамIдаран талламан къепеца (системица) йозайелла а йу. Программо иштта шена чулоцу тематически а, жанрови а башхаллашца хIиттийна йолу йукъарчу хьесапера обзораш.

Йаккхий произведенеш, Iамо атта хилийта, йацйина йалийна.

Программа кхаа декъах лаьтта:

«Дешаран предмет карайерзорехь кхочушдан лору жамIаш». Кхузахь довзийтина, хIун меттиг дIалоцу нохчийн литературо йуккъерчу йукъардешаран Iалашонашка кхачош; нохчийн литература Iаморан Iалашонаш а, жамIаш а билгалдаьхна масех тIегIанехь – личностни, метапредметни, предметни.

«Дешаран курсан чулацам». Дакъошка бекъна, Iамо билгалбина чулацам къастийна кхузахь.

«Дешаран-тематикин хьесап». Дешаран курсан теманаш, хIора тема Iаморна лерина сахьташ къастийна.

Дешаран-методически комплект (УМК)

**I**. Йуккъерчу йукъардешаран ишколашна лерина нохчийн литературин Iаматаш:

1. Ахмадов М.М., Алиева З.Л-А. 10-чу классана хрестомати.

2.Ахмадов М.М., Алиева З.Л-А.10-чу классана Iамат.

3. Абдулкадырова Р.А., Мурадова З.И. 11-чу классана хрестомати.

4. Туркаев Х.В, Туркаева Р.А. 11-чу классана Iамат.

**II**. Нохчийн литературин Iаматашна методически хьехамаш.

**III**. Тайп-тайпана тексташ, тесташ.

**IV**. Дешаран дошамаш.

Дешаран хьесапаца цхьаьнадогIуш, нохчийн литератураIаморна леринчу сахьтийн барам:

| Класс | Шарахь | К1иранах |
|---|---|---|
| 10 | 68 | 2 |
| 11 | 66 | 2 |

## 1. Дешаран предмет карайерзорехь кхочушдан лору жамIаш

Йуккъерчу йукъардешаран ишколашкахь литературин курс тIехьажийна йу дукхакъаьмнийн Россин ца хилча ца торуш долчу культурин декъах санна, литературех болу кхетам дешархошкахь кхиорна, цо аьтто бо массо кепара кхиъна ваьлла, граждански кхетам болу, къаьмнашца йолу йукъаметтигаш цхьаьнайогIуш долу адам (личность) кхиорна.

«Литература» предметан башхалла, базови дешаран дисциплинин санна, къастош йу литература дешан исбаьхьалла хиларца доьзна. Васталлин литературо таро ло синхаамийн тIеIаткъам бан йешархочунна, ткъа цуьнца цхьаьна цуьнан дуьненехьежар а, синъоьздангаллин мехаллаш, исбаьхьаллин (эстетически) чам жигара кхиорна а. Дешаран «Литература» предметан чолхалла билгалйолу иза искусство Iаморан дешан говзаллин а, Iилманан бухан (литературоведени) а цхьаалла шеца йолуш хиларца доьзна.

Дешаран предмет «Литература» герггара уьйр йолуш йу «Нохчийн мотт» предметаца. Нохчийн литература дешархойн ненан мотт а, церан къамелан оьздангалла а кхиорехь, юкъаметтигаш лелорехь а коьрта хьоста ду.

Исбаьхьаллин произведенийн мотт Iаморо аьтто бо дешархошна дешан исбаьхьаллин (эстетически) декхарш довзарехь, исбаьхьаллин дешнашца кхелина мотт караберзорехь. Цо билгалйоккхуш ю цуьнан мехалла нохчийн литература а, нохчийн мотт а герггара уьйраш тосуш Iаморехь.

Нохчийн литература герггарчу уьйрашца нохчийн историца а, географица а, исламан баххашца а Iаморо дешархойн дегнашкахь патриотически дог-ойла а, синъоьздангаллин мехаллаш а кхуллур ю, шен дукхакъаьмнийн махках дозалла а дийр ду цо.

**Йуккъера йукъардешаран ишкол чекхйоккхучуьнгахь «Литература» предмет Iамош кхио деза личностни жамIаш ду:**

– нохчийн къоман гIиллакх-оьздангалла, дайн ламасташ лардар; шен къоман векал а, дукхакъаьмнийн пачхьалкхан гражданин хиларан ойла синкхетамехь сецна йаьлла хилар; шен махке а, Йерригроссин пачхьалкхе а кIорггера безам а, лерам а хилар;

– нохчийн литература, культура йевзаш, йезаш хилар, оьрсийн а, кхечу къаьмнийн а культуре, ламасташка лераме хилар;

– дуьненан хIинцалерчу хьелашкахь лела хаар; муьлххачу а къаьмнийн векалшца йукъаметтиг латто хаар, къаьсттина кхин культура а, кхин дин а долчаьрца;

– шен къоман сий лардарехь жоьпалле хилар.

**Йуккъерчу йукъардешаран ишколехь предмет «Литература» Iаморан метапредметни жамIаш билгалдовлу:**

– проблемех кхета а, гипотеза хIотто а, материал вовшахтосуш цхьана кепе йерзо а хаарехь;

– ша билгалдаьккхинарг кхачам боллуш тIечIагIдан а, шен барта а, йозанан а къамел ойла къеггина билгалйолучу кепара нисдан а, шен къамел дерзо а хаарехь;

– хIума дустаран а, дуьхь-дуьхьал хIотторан а кепех пайдаэцарехь;

– шен гIуллакхаш ша вовшахтоха а, церан мах хадо а, шен безам болчу, шена довза луучу хIуманийн, гIуллакхийн гуо билгалбаккха а хаарехь;

– шена оьшучу кепара довзийтаран литературех (тайп-тайпана лугIаташ, энциклопедеш, интернет-гIирсаш, библиографин довзийтарш) пайдаэца хаарехь.

***Метапредметни жамIаш:***

**1. Регулятивни универсальни дешаран ардамаш**

**Арахецархочунна Iемар ду:**

- гIиллакхан, оьздангаллин кхетаман буха тIехь гонахарчу адамийн а, шен а дахаран гIуллакх дарехь хIоттийначу Iалашоне кхачархьама хила тарлучу тIаьхьенийн мах хадо;

- дахаран хьелашкахь а, дешаран гӀуллакх дарехь а шен декхарш хӀитто а, уьш вовшахтоха а;
- хӀоттийначу Ӏалашоне кхачархьама оьшуш йолчу ресурсийн а, хенан а мах хадо;
- шен Ӏалашоне кхачаран некъ харжа, хьалха хӀиттийна декхарш кхочушдан хьесап хӀотто;
- хӀоттийначу Ӏалашоне кхачархьама оьшуш йолчу ресурсийн эвсара лехамаш вовшахтоха;
- хьалхе хӀоттийна Ӏалашой, гӀуллакх даран жамӀий дуьхь-дуьхьал хӀотто.

**2. Довзаран (познавательни) универсальни дешаран ардамаш**

**Арахецархочунна Ӏемар ду:**

- декхарш кхочушдаран йукъара некъаш лаха а, каро а; баьржина хаамийн лехам кхочушбан а, цуьнан буха тӀехь керла (дешаран а, довзаран а) декхарш хӀитто а;
- кхечунна хетачух, цо дечух лаьцна критикин аргументаш каро а, йало а; хьайна хетачух лаьцна йечу критикин хьокъехь кхетаме а, паргӀат а хила; хьайн кхиаран тӀаьхьало санна иза тӀеэца;
- дешаран предметан дозанах тӀехвала а, гӀуллакх даран некъаш а, гӀирсаш а дехьабахаран хьелаш кхолла а;
- довзаран гӀуллакх дарехь тайп-тайпана хьелаш хийца а, уьш сецо а.

**3. Коммуникативни универсальни дешаран ардамаш**

**Арахецархочунна Ӏемар ду:**

- нийсархошца санна, баккхийчаьрца а гӀуллакхан некъаш вовшахтоха (дешаран хьукматехь а, цул арахь а);
- тобанашца болх кхочушбарехь куьйгалхо а, цул сов, тайп-тайпана гӀуллакх дарехь тобанан декъашхо а хила (критик, кхочушдийриг, эксперт, къамел дийриг, и.дӀ.кх.);
- цхьаьнатоьхначу а, кхочушдалур долчу а зӀе хиларан хьелашкахь болх кхочушбан а, уьйр хилийта а;
- цхьаьнабогӀучу а (барта а, йозанан а) меттан гӀирсех пайда а оьцуш, шена хетарг нийса, хьекъале, даьржина а дӀадийца.

**Йуккъера йукъардешаран ишкол чекхйоккхучеран предметни жамӀаш лаьтта:**

**1) хӀума довзаран декъехь:**

– шаьш Ӏамийначу нохчийн а, кхечу къаьмнийн а йаздархойн произведенийн коьртачу проблемех кхеташ хилар а, уьш нийса билгалйаха хаар а;

– литературин произведени ша йазйинчу хенаца йогӀуш хиларх кхетар, цуьнан проблематикехь, хенаца йоьзна йоцуш, даима а адашна йукъахь лелла йолу оьздангаллин мехаллаш билгалйаха а, церан маьӀна дан а хаар;

– хьалха-тӀаьхьа йазйинчу произведенийн теманаш, проблемаш вовшашца йозаелла хиларх, царна йукъарчу уьйрех кхетар;

– исбаьхьаллин произведени талла хаар, цуьнан тайпа а, жанр а билгалйар;

– произведенин тема билгалйаккха, маьӀна дан хаар; турпалхойн амалш къастор, тайп-тайпанчу произведенийн турпалхойн амалш вовшашца йуста хаар;

– нохчийн, оьрсийн, кхечу къаьмнийн литературин произведенеш вовшашца йуста хаар;

– исбаьхьаллин произведенин дӀахӀоттам, иза шен дакъошца дӀанисйаран кеп, цу тӀера хиламаш гайтаран раж (композици, фабула, сюжет) билгалйаккха хаар;

– произведенин исбаьхьаллин-суртхӀотторан гӀирсаш, меттан башхаллаш къасто хаар;

– литературоведенин терминологи йовзар а, цунах пайдаэца хаар а;

**2) эстетикин декъехь:**

– нохчийн исбаьхьаллин дешан (фольклор а, йозанан литература а) марзо йевзаш хилар;

– произведени тIехь дахар исбаьхьаллин васташкахь гайтаран башхаллаш йовзар, иза нохчийн исбаьхьаллин дешан хазна хиларх кхетар, цунах марзо эца хаар;

– литературин произведенехь васт кхолларехь исбаьхьаллин-суртхIотторан гIирсийн маьIна девзаш хилар;

**3) шен Iалашо лацаран декъехь:**

– нохчийн къоман гIиллакх-оьздангаллин, Iадатийн, ламастийн хазна йевзаш а, цаьрца Iамалйан лууш а хилар;

– Iамийначу исбаьхьаллин произведенешка шен хьежамаш хилар а, уьш къеггина билгалбаха хаар а;

– исбаьхьаллин произведени авторан Iалашонах кхетар а, цунах лаьцна шен ойла хилар а;

– исбаьхьаллин произведенех шена хеташ долу маьIна даккхар а, мах хадор а, цунах лаьцна билггал шен кхетам хилар а, иза бовзийта хаар а.

**4) культурийн диалоган декъехь:**

– нохчийн, оьрсийн, кхечу къаьмнийн литературин тексташ вовшашцайу, церан типологехь цхьаьнадогIург а, къаьсташ дерг а билгалдаккха а, къастамаш стенца боьзна бу а хаар;

– нохчийн а, оьрсийн а литературехь цхьа тема йолу произведенеш вовшашца йустуш, церан цхьаьнадогIург а, къоман культурица, меттан башхаллашца доьзна къаьсташ дерг а билгалдаккха хаар;

– кхечу къаьмнийн литература, культура йовза лаам хилар а, цаьрга лерам болуш хилар а;

**5) коммуникативни декъехь:**

– Iамийначу произведенийн проблематикица йоьзна сочиненеш йазйан хаар;

– классехь а, цIахь а нохчийн литературица боьзна тайп-тайпана кхоллараллин белхаш кхочушбан хаар;

– литературина, культурин а теманашна рефереташ йазйан хаар;

– монолог йалош а, диалогехь а къамел дан хаар;

– нохчийн меттан бакъонаш а ларйеш, къоман гIиллакхца а догIуш, ша нисвеллачу хьелашка хьаьжжина, къамел дан хаар.

**Арахецархочунна Iемар ду:**

- нохчийн произведенех долу хаарш схьагайта, проблемаш а, йукъара теманаш а хьехош йолчу масех текста тIера масалш далош;
- ша книгаш йешарца зеделлачун барта а, йозанан а кепехь анализ йан а, жамI дан а, къаьсттина:
- анализ йархьама исбаьхьаллин произведени харжар буха тIе дало, аргументана произведенин тема а, проблематика а йалош;
- текст, нийса дIайийца: произведенин башхаллаш билгалйохуш, произведенин шиъ (йа цул сов) коьрта тема йа идея къасто а, чулацамехь церан кхиар, дозуш хилар, цара вовшийн Iаткъам бар гайта а, произведенин исбаьхьаллин чолхалла схьа а йоьллуш;
- автора жанран тайпа къасторан анализ йан, произведенин исбаьхьаллин дакъойн уьйрийн а, кхиаран а башхаллаш схьа а йоьллуш: хиламан хан а, меттиг а, хиламан суртхIотторан кепаш а, цуьнан кхиар а, турпалхой йукъабалоран кепаш а, церан амалш кхиаран, уьш гучуйахаран гIирсаш а;
- урокехь Iамош йолчу произведенех долчу хаттаршна даьржина жоьпаш дала йа ша йешначу произведенешна гIеххьа йолу рецензи кхолла;
- исбаьхьаллин, литературин сферехь проектни белхаш кхочушдан, литературин произведенех, шена хетарехь, бух болу кхетам бала;
- предмет кIорггера Iамо лерина йолчу материале хьаьжжина, нохчийн а, кхечу къаьмнийн а литературин произведенийн хаарш гайта;
- билггал йолчу произведенешна барта а, йозанца а анализ йан, тайп-тайпанчу Iилманан кепех, хьехаран некъех, йешарх пайдаэцарца;

- лирически а, драматически а, эпически а произведенешна тайп-тайпана масех кхетам баларца анализ йан;
- XIX-XX-чу бIешерийн историко-литературин а, вайзаманан литературин а процесс йовза, литературин коьртачу хьежамех болчу кхетамна тIе а тевжаш;
- билггал йолчу текстехь, хьалха ца йевзаш хиллачу а тIехь, уггар къегина башхаллаш къасто;
- уггар йаккхийчу произведенийн, шайх масал эца хьакъ долчу церан турпалхойн цIераш а, литературин турпалхойн критикийн, гIарабевллачу йаздархойн цIераш а, церан кхоллараллин некъаш а хаа;
- шайн кхоллайаларан муьрехь произведенеш маьIне а, мехала а хиларх кхета;
- йешархоша произведенеш тIеэцаран башхаллаш а, Iамош йолу произведени кхоллайаларан истори а йовза;
- литературин критикех а, литературин Iилманех а пайда а оьцуш, хаттаршна дуьззина жоьпаш дала.

## 2. Дешаран курсан чулацам

### 1-ра дакъа. XX бIешеран хьалхарчу эхан литература.

**Арсанов С-Б.А.**«Маца девза доттагIалла» роман. Романехь къинхьегамхойн васташ кхолларан башхаллаш. Арсби а, цуьнан накъостий а: Джо, Таташ, Джабраил, Бено. Цуьнан гIиллакх-оьздангалла кхиаран хьелаш. Романехь зударийн васташ. Романехь къаьмнашна йукъара доттагIаллин тема гайтаран башхаллаш.

**Исаева М.С.** «Ирсан орам» роман. Васса а, Акаев Руслан а романехь гайтаран башхаллаш. Романехь кегийрхойн васташ.

Романехь къинхьегаман тема къасторан башхаллаш.

**Мамакаев М.А.** Стихотворенеш «Орган т1ехь сатесна» «ТIулгаша а дуьйцу», «Даймахке», «Зама», роман «Зеламха».

Мамакаев Мохьмадан дахаран, кхоллараллин некъ.

Мамакаев Мохьмадан поэзехь Даймехкан тема. Стеган паргIато, сий цуьнан Даймахкаца йолчу йукъаметтигех доьзна хилар. Поэтан лирически турпалхочо дахарх, заманах йо ойланаш. Мамакаев Мохьмадан лирикехь поэтан, поэзин тема.

«Зеламха» роман. Роман исторически бакъдолчийн буха тIехь йазйина хилар. Зеламхех обарг винарг – цу хенахьлера социально-политически дахар. Йаздархочун шен турпалхочуьнга болу хьежамаш. Турпалхойн васташ кхолларехь, дахаран исбаьхьаллин сурт хIотторехь йаздархочун корматалла.

Нохчийн литературехь Мамакаев Мохьмадан кхоллараллин мехалла.

**Гадаев М-С.Г.** Стихотворенеш«Даймахке сатийсар», «Дай баьхна латта», «Генара кехат», «ЦIен-Берд».

Гадаев Мохьмадан кхоллаpалла. Цуьнан поэзехь дуьненах, дахарх, Iаламах йолу ойланаш. Лирически турпалхочун оьздангалла.

Поэтан лирикехь безаман тема.

Гадаев Мохьмадан поэзин исбаьхьаллин басарш, шатайпана аьхналла.

Нохчийн литературехь Гадаев Мохьмадан кхоллараллин мехалла.

**Гайсултанов I.Э.** Исторически повесть «Александр Чеченский».

Гайсултанов Iумаран дахар а, кхоллаpалла а. Цуьнан повестийн, дийцарийн проблематика. Вайн заманан кегийрхой гIиллакх-оьздангаллица кхиоран проблемаш хIитторан башхаллаш.

Исторически повесть «Александр Чеченский». Нохчийн кIентан кхоллам повесть тIехь гайтаран башхаллаш. Инарла-майор Александр Чеченский – 1812 шеран тIеман гоьваьлла турпалхо. Алссам исторически гIуллакхаш чулоцучу повестан хиламашкахула коьрта турпалхочун дахар, цуьнан амал кхиаран хьелаш исбаьхьаллица довзийтаран башхаллаш.

Повестан композици, исбаьхьаллин гIирсаш.

Нохчийн проза кхиарехь, берашна, кхиазхошна йолу литература кхолларехь Гайсултанов Іумаран произведенийн маьІна.

**Эдилов Х.Э.** Поэма «Сийлаха».

Эдилов Хасмохьмадан дахар а, кхолларалла а. Поэтан кхоллараллин шуьйра проблематика. Даймехкан, маршонан теманаш. Къинхьегаман стаг ларар. Лирически турпалхочун адамашка йолу къинхетаме дог-ойла.

«Сийлаха» поэми тIехь адаман дахар, ирс йукъараллехь кхоллалучу хьолех дозаделла хилар чIагIдар. ИбрахIиман оьзда безам, цуьнан деган, ойланийн комаьршо. Эдалхин оьзда йоцу ойланаш а, гIуллакхаш а. Сийлахас ца ларбина шен мерза безам, цуьнан доьхна дахар, цунах даьлла зулам.

Поэми тIехь суртхIотторан, васт кхолларан поэтически гIирсаш.

Эдилов Хасмохьмадан кхоллараллин башхаллаш.

**Сулейманов А.С.** Стихотворенеш«Дог дохден цIе»,«Берд», «Батто сагатдо», «Ламанан хьостанаш».

Сулейманов Ахьмадан дахар а, кхоллараллa а.

Поэтан лирикехь къонахаллин, оьздангаллин тема. Къоман гIиллакх-оьздангаллица вехаш, эхь-бехк лардеш волу цуьнан лирически турпалхо. Безаман а, доттагIаллин а лирика.

Сулейманов Ахьмадан произведенешкахь поэтически сурт хIотторан башхаллаш. Цуьнан кхоллараллин мехалла.

**2-гIа дакъа. XX бIешеран шолгIачу эхан литература.**

**Айдамиров А.I.** Дахаран а, кхоллараллин а некъ. Роман«Еха буьйсанаш».

Айдамиров Абузаран кхоллараллa. «Еха буьйсанаш» исторически романехь нохчийн халкъо XIX бIешарахькъоман паргIатонехьа латтийначу къийсаман тема. Къоман дахар

кIорггера, дуккха а агIонаш толлуш гайтар. Исторически бакъдолу гIуллакхаш гайтарехь романан эпически шуьйра чулацам. Цу заманахь Нохчийчохь хилла йукъараллин хьелаш говза гайтар.

Романан исбаьхьаллин башхаллаш.

**Ахматова Р.С.** Дахар а, кхоллараллa а. Стихотворенеш«Нене», «Сан йурт»«Даймахке». Поэма «Дагалецамийн новкъа».

Ахматова Раисин дахар а, поэтически кхоллараллa а. Даймохк, халкъийн доттагIалла, машаре дахар, къинхьегам, безам, кегийрхойн дог-ойла гайтар. Поэтессин кхоллараллa шен хенаца йогIуш хилар.

Ахматова Раисин поэзехь нохчийн йоьIан васт.

Поэтессин лирически турпалхо даима къона, шен Даймохк дукхабезаш, дахарехь хIайт-аьлла хилар.

Ахматован поэзехь безаман тема. Цуьнан лирикин башхаллаш.

«Дагалецамийн новкъа» – автобиографически поэма.

Цуьнан турпалхочун кхоллам Даймехкан, халкъан кхолламах къасталур боцуш бозабелла хилар. Поэмин тIехь къинхьегаман, безаман, поэзин, поэтан декхарийн теманаш цхьаьнайогIуш къастор.

Поэмин идейни а, исбаьхьаллин а башхаллаш.

**Арсанукаев Ш.I.**Стихотворенеш«Весет», «Нагахь хьан гIо оьшуш...», «Нийсонна гимн», «Диццдина илли», «Ненан мотт», стихашкахь роман «Кхолламан сизаш».

Арсанукаев Шайхин кхоллараллa.

Поэтан произведенешкахь Даймехкан исбаьхьа суьрташ, Іаламан аьрха хазалла. КIорггера кхетам, оьзда лаамаш болу поэтан лирически турпалхо. Цо дуьненах, дахарх йо ойланаш, адаман ирсехьа къийсам латто иза кийча хилар.

Арсанукаев Шайхин лирикин башхаллаш: чулацам, поэтически гIирсаш, исбаьхьаллин хатI.

«Кхолламан сизаш» стихащца йазйина роман. Даймехкан тIамехь бIаьхоша турпалаллица Даймохк мостагIчух Іалашбар романехь гайтаран башхаллаш. БIаьхойн васташ. Ризван а, цуьнан накъостий а.

Романехь тIеман а, тылан а суьрташ. Маршо ларйеш эгначийн сий а деш, тIом гIаттош болчарна дуьхьал авторо халкъе бен кхайкхам. «Кхолламан сизаш» романан чулацам а, исбаьхьаллин къастамаш а.

Арсанукаев Шайхин поэзин мехалла.

**Рашидов Ш.Р.** Стихотворенеш «Баланах дуьзна дог», «Пондар боьлху», «Аружа».

Рашидов Шаидан поэзин проблематика, коьрта башхаллаш. Лирически турпалхочун ойланаш, синхаамаш.

Стихотворенеш мукъаме хилар, дуккха а стихаш эшаршка йерзор. Цуьнан стихашкахь поэтически сурт кхолларан башхаллаш.

«Аружа» – исторически хиллачийн буха тIехь йазйина поэма. Махкахдаьkkхинчу халкъо лайна баланаш, халонаш гайтаран башхаллаш. Аружа а, Алымкхан а.

Лирически турпалхочун халкъах, махках йолу ойланаш.

**Гацаев С.А**. Стихотворенеш «Йише Маржане», «Хаьий хьуна, Фирдоуси…», «Хатта хьайна Саадига», «Цхьа а дац сан ойла къуьйлуш…», «Лойша эсала мох…», «Лалла хьайна некъаш мел ду…», «БIаьсте хир ю – бIаьсте, бIаьсте!..»

Гацаев СаIидан кхоллараллa. Поэтан лирикин башхаллаш. Даймахке безам, адамийн хазахетарш, халахетарш, дегайовхонаш, дегаIийжамаш – и берриге а бовха синхаамаш шатайпанчу исбаьхьаллица кхоьллинчу Iаламан суьрташкахула гучубовлуш хилар. Цуьнан поэзехь адам а, Iалам а.

Стихотворенеш аьхна ойланаш, бовха синхаамаш гIаттош хилар.

**Ялиев Ю.С-I.**Стихотворенеш «ГIиллакх», «Лулахочуьнга».Яралиев Юсупан поэзин проблематика, коьрта башхаллаш. Лирически турпалхочун ойланаш, синхаамаш.

Стихотворенеш мукъаме хилар, цуьнан стихаш эшаршка йерзор. Яралиев Юсупан стихашкахь поэтически сурт кхолларан башхаллаш.

**Ахмадов М.М.** Стихотворени «Нохчийн махкахь нохчийн маттахь…», пьеса«Лаьмнел а лекха», дийцар«Зингатийн барз а ма бохабелаш», роман«Сатоссуш, седарчий довш»**.**

Ахмадов Мусан произведенийн коьрта проблемаш, теманаш, турпалхой.

Ахмадов Мусан кхоллараллин обзор: бIешерашкара схьадогIу къоман оьздангаллин ламасташ хIинцалерчу заманан лехамашца къовсаме довлар, чолхечу дахаран галморзахаллаш, адам эхь-бехках йуxадалар, гIиллакх лахдалар, халкъан ламасташка лерам бацар къомана бохаме хилар; оьздангаллех ца вухуш, гIиллакх лардеш, дахаран халонех чекхвалар.

Ахмадов Мусан поэзин, прозин исбаьхьаллин башхаллаш.

**Дикаев М.Д.** Стихотворенеш«Нохчийн хIусам», «Стеган цIе», «Суна лаьа».

Дикаев Мохьмадан лирика. Поэтан шен Даймахках, ша схьаваьллачу халкъах дозалла даран ойла, патриотически синхаамаш, къоман хиндерг ирсе хила лаар – цуьнан кхоллараллин коьрта чулацам.

Дикаев Мохьмадан поэзехь йахь, къоман оьздангалла гайтаран башхаллаш. Цуьнан поэтически хатI.

**Абдулаев Л.Ш.** Стихотворенеш«Весет»,«Диканиг хьахадан кхоьру со…».

Абдулаев Лечин лирика. Поэтан стихийн коьрта проблематика а, философски чулацам а. Лирически турпалхочун амалшкахь нохчийн къоман гIиллакх-оьздангалла. Поэтан стихан шатайпаналла.

**Бексултанов М.Э.** Повесть«Дахаран хин генара бердаш»,дийцарш«Iаьржа бIаьрг», «Хьалхара парта», «Корталин Хантоти».

Бексултанов Мусан кхоллараллa.

Цуьнан прозехь дахар шатайпанчу исбаьхьаллин хотIехь гайтар. Йаздархочо кега-мерса долчу хIумнашкахула, царах чекхъхьежарца дахаран чолхе, шайн кIорггера маьIна долу гIуллакхаш, хьелаш къастор.

Къоман хиндерг халкъан ламасташ, гIиллакх-оьздангалла ларйарца дозаделла хилар произведенешкахь чIагIдар. Турпалхойн амалш гайтаран, церан васташ кхолларан башхаллаш.

Йаздархочун кхоллараллин маьIна, исбаьхьаллин башхаллаш. Халкъан барта кхоллараллица уьйр хилар.

**Шайхиев I. Х.**Стихотворенеш«Стаг велча, йуьртахь зударий боьлху», «Аса а ма лайна …», стихашца йазйина повесть «Дерачу кхолламан кхиэл».

Шайхиев Iалвадин кхоллаpалла. Цуьнан поэзин шуьйра чулацам а, маьIна а. Шайхиев Iалвадин стихашкахь поэтически сурт кхолларан башхаллаш. Цуьнан поэзин шатайпана долу хатI.

«Дерачу кхолламан кхиэл» – стихашца йазйина повесть. Тешнабехккий, эхь-оьздангаллий цкъа а цхьаьнадогIург цахилар чIагIдар. Къоман гIиллакхаш а, оьзда безам а гайтар. Повестан маьIна а, исбаьхьаллин къастамаш а.

Шайхиев Iалвадин кхоллараллин мехалла.

**Алиев ГI.Хь**. Стихотворенеш «Къонахийн зама», «ХIун лозу хьан, Нохчийчоь?» «Къонахе», «ДоIа». Алиев ГIапуран лирика. Поэтан стихийн коьрта проблематика а, философски чулацам а. Лирически турпалхочун амалшкахь нохчийн къоман гIиллакх-оьздангалла.

**Бисултанов А.Д.** Стихотворенеш«Нохчийчоь», «Нана».

Бисултанов Аптин поэзин башхаллаш. Поэтан лирически турпалхочун шен Даймахке, халкъе, болу безам. Йахь йолу кIант кхиийначу ненан сийдар. Граждански лирикин исбаьхьалла.

Бисултанов Аптин поэзин исбаьхьаллин хатI.

**Эльсанов И.И.** Повесть «ЦIегIачу декхнийн боьлак».

Эльсанов Исламан произведенешкахь хIинцалерчу дахаран суьрташ, адамийн кхолламаш. Турпалхойн амалш гайтаран башхаллаш.

«ЦIегIачу декхнийн боьлак» – исторически повесть. Нохчийн халкъо XIX бIешарахь шен паргIатонехьа латтийна къийсам. Повесть тIехь Шемалан боламах дозаделла долу исторически хьелаш бакъдолчуьнца нийсадогIуш гайтар. Шемала хьафий а волу Исхьакъ вейтар. Машарехьа болу къоман лаам. БойсагIар а, ТIелхаг а.

**3-гIа дакъа. XXI бIешо долалучу муьран литература.**

**Ибрагимов К.Хь.** Роман «Берийн дуьне». Тема а, проблематика а. Исбаьхьаллин башхаллаш.

**Яшуркаев С. С-I.** Стихотворенеш«Самах ду, гIенах ду», «Дагахьбалламаш, дагалецамаш».

**4-гIа дакъа. Кхечу къаьмнийн литература.**

**Казбеги А.М.** Повесть «Элиса».

Гуьржийн йаздархочун Алесандр Казбегин кхоллараллех хаамаш.«Элиса» повестан коьрта чулацам. Къаьмнашна йукъарчу доттагIаллин уьйраш гайтаран хьелаш. Ламанхойн къонахалла, оьздангалла, тешаме хилар йаздархочо хастаме дийцар.

Элисин, Чербижан Анзоран, Важиян васташ.

Казбегин турпалхой – нохчий, гуьржий – шайн сий, маршо, паргIато ларйечу къийсамехь, вежарий санна, бертахь хилар.

**Кулиев К.Ш.** Стихотворенеш «Хиндолчунна аьлла байташ», «ТIуьначу лаьттан цинц къуьйлу...».

Кулиев Кайсын – балкхаройн поэт. Цуьнан поэзин башхаллаш. Поэтан лирически турпалхочун ша винчу лаьтте, хьомечу Даймахке, халкъе болу безам. Шен дахар адам ирсе кхачорна дIадала иза кийча хилар.

**5-гIа дакъа. Обзорни теманаш.**

**Нохчийн литературехь Сийлахь-боккхачу Даймехкан тIеман (1941–1945) тема** (Обзор).

Даймехкан паргIато Iалашйаран тема. Мамакаев I.Ш. стихотворенеш «Дерриге а тIамна!», «Даймехкан тIом бечохь»; Мамакаев М.А. – «И йоьлхуш йац», «КIиллочунна»;

Сулаев М.А. – «ГІовтта», «Малх тоьлур бу»; Эдилов Х.Э. – «Суьрте», «Кавказан аьрзу», «ТІемало – хьоьга»; Гадаев М.Г. – «Мехкан лоьмашка», «ДоттагІашка».

ТІеман шерашкахь литературо къаьмнийн доттагІаллин тема айбар. Граждански тІамехь халкъо турпалалла гайтар карладаккхар (Мамакаев І.Ш. «Винчу юьрта»).

Даймохк мостагІчух паргІатбоккхуш гайтина халкъан турпалалла, патриотизм хІинцалерчу литературехь гайтар. ТІеман халачу хьелашкахь бІаьхойн дог-ойла, гІиллакх-оьздангалла, хьуьнар исбаьхьаллин произведенешкахь гайтаран башхаллаш. Муталибов З.А. «БІаьхочун весет»; Эдилов Х.Э. «Ирс къуьйсуш веллачун сий делахь,Латта», «Лаьттан цинц»; Сулаев М.А. «Нохчийн кІант Волгин йистехь»; Гацаев С.А. «Ханпашин валар».

**Нохчийн литературехь къинхьегаман тема.** Музаев Н.Д.роман «Сатийсаман ницкъ», Нунуев С-Хь.М. роман «Гезган маша» (Обзор).

**Нохчийн литература ХХ бІешеран шолгІачу эхехь кхиаран хьелаш а, хІинцалерчу поэзин, прозин башхаллаш** (Обзор).

**6-гІа дакъа. Литературин теори а, истори а.**

Нохчийн исбаьхьаллин литература кхоллайаларан хьелаш, къоман йозанан литературин хьостанаш. Нохчийн литературехь поэзин, прозин, драматургин жанраш кхоллайаларан а, кхиаран а башхаллаш. Йозанан литературин нохчийн барта кхоллараллица уьйр хилар.

Литературин тайпанаш: эпос, лирика, драма.

Литературин жанраш. Эпически жанраш: дийцар, повесть, роман. Лирически жанраш: стихотворени. Драматургически жанраш: комеди, драма, трагеди. Лиро-эпически произведенеш: поэма, баллада, басня, стихашкахь повесть, стихашкахь роман.

Исбаьхьаллин произведенин формех а, чулацамах а болу кхетам кІаргбар. Исбаьхьаллин прпоизведенин чулацам а, маьІна а. Тема, проблематика, сюжет, дІахІоттам (пролог, йуьхьйолор, долор, кульминаци, къастор, тІаьхьара дош, монолог, диалог, лирически йуьстахдийларш). Исбаьхьаллин произведенин васт, персонаж, турпалхо. Лирически турпалхо. Авторан васт. Авторан къамел.

Исбаьхьаллин произведени тІехь къовсам (конфликт). Драматургически къовсам.

Проза а, поэзи а. Церан башхаллаш.

Стих кхолларан кепаш. Стих кхолларан силлабо-тонически кеп. Стихан барамаш. Стихан гІулч. Хорей, ямб, дактиль, амфибрахи, анапест. Строфа, ритм, рифма.

Исбаьхьаллин произведенин меттан гІирсаш: дустар, эпитет, метафора, йуьхьедерзор, гипербола, метоними.

Нохчийн литература ХХ бІешеран хьалхарчу эхехь кхиаран башхаллаш.

Нохчийн литература ХХ бІешеран шолгІачу эхехь кхиаран башхаллаш.

ХІинцалерчу поэзин, прозин башхаллаш.

Теоретико-литературни хаарш далар исбаьхьаллин произведенеш Іамош а кхочушдо, цул совнаха литературин теори Іамо хан а билгалйаькккхина Программи тІехь.

**7-гІа дакъа.Литература Іамош кхочушбечу барта а, йозанан а белхийн коьрта тайпанаш.**

Исбаьхьаллин произведенин чулацам тайп-тайпанчу форманашкахь схьабийцар: чулацам текстана йуххера бийцар; произведенин сюжетан сиз а лардеш, коьрта хиламаш схьабийцар; шайн къеггина маьІна долу цхьа-ши эпизод йийцар; билгалволчу турпалхочух йозайелла йолу меттигаш йийцар.

Исбаьхьаллин произведенин текст маьІна деш схьайийцар.

Литературах, йукъараллин дахарх лаьцна йолчу статьян чулацам схьабийцар.

Стихотворенеш, прозаически произведенийн дакъош дагахь дешар.

Произведени тIера исбаьхьаллин суртхIотторан гIирсаш билгал а бохуш, эпитетийн, дустарийн, метафорийн, геперболийн олицетворенийн, иштта дIа кхиболчу а суртхIотторан гIирсийн башхаллаш къастор.

Кхочушбечу барта а, йозанан а белхан план х1оттор.

Литературно-критически белхийн тезисаш, конспекташ.

Барта а, йозанан а тайп-тайпана сочиненеш. Царна йукъахь хир йу литературин материала тIехь йазйеш йерш а, дешархоша шайн тидамех, шайна зеделлачух лаьцна йазйеш йерш а.

Литературин материал тIехь йазйечу сочиненийн герггарчу хьесапехь долу тайпанаш:

– исбаьхьаллин произведенийн васташ къастош йолу сочиненеш;

– произведенийн тематика къастош йолу сочиненеш;

– исбаьхьаллин произведенин идейни чулацам билгалбоккхуш йолу сочиненеш;

– обзорни теми хьокъехь йолу сочиненеш;

– исбаьхьаллин произведенийн хорманех лаьцна йолу сочиненеш;

– исбаьхьаллин литературан произведени искусствон кхечу форманехь йолчу произведенех йустуш йолу сочиненеш;

– исбаьхьаллин произведенех кхоллараллица пайдаоьцуш йазйеш йолу сочиненеш.

Дешархоша шайн тидамех, шайна зеделлачух, девзинчух лаьцна йайеш йолчу сочиненеш хила тарло шайн гIаланах, йуьртах, йуьртахойх лаьцна.Йукъараллин дахарх, Даймахках, халкъийн доттагIаллех лаьцна сочиненеш.

Шаьш цIахь йешначу книгашна рецензеш.

Шайна гинчу кинофильмашна, спектаклашна отзываш.

Литературин материал тIехь доклад, къамел кечдар (цхьаннах йа масех книгех пайдаоьцуш).

Интернет ресурсашкахь йолчу материалан барта мах хадор а, рецензи йазйар а.

Шаьш йешначу книгина, хьаьвсинчу кинофильмана, телепередачина, шайна гинчу спектаклана рецензи йазйар.

Шайн школин а, гIалин (йуьртан) а дахарх лаьцна къамел кечдар, доклад йазйар.

## 3. Дешаран-тематикин хьесап

### Модуль «Ишколан урок»

Дешаран-тематикин хьесап хIоттийна, кхетош-кхиоран белхан программа тидаме а оьцуш. «Нохчийн литература» предметан кхетош-кхиоран хьелаша таро ло йуккъерчу йукъардешаран хьукматийн дешархой кхетош-кхиоран Iалашонаш кхочушйан а, дешаран процессехь белхан кепех, тайпанех пайдаэца а.

### Кхетош-кхиоран Iалашонаш:

– гIиллакх-оьздангалла кхиор къоман гIиллакхийн, ламастийн мехалла йовзийтарца;

– шен Даймохк Iалашбаран ойла чIагIйар;

– къомана йукъахь сийлахь дерг сийлахь лоруш, сийсазчунна дуьхьал къийсам латторан кхетам кхиор;

– кхечу къаьмнашца доттагIаллин уьйраш латторан ойла кхиор;

– исбаьхьаллин дашца дахаре безам кхиор;

– къоман культура кхиоран Iалашо кхочушйан некъаш лахаран лаам кхиор.

### ГIуллакх даран кепаш а, тайпанаш а:

– хьехархочун тIедахкарш а, декхарш а нийсачу агIор тIеэца а, урокехь толлучу хааршна а, шайн довзаран гIуллакх дар жигардаккхарна а церан тидам тIебахийта а аьтто беш йолу тешаме йукъаметтиг хьехархочун а, цуьнан дешархошна а йукъахь дIахIоттор;

– баккхийчаьрца а (хьехархошца), нийсархошца а (дешархошца) йолу йукъаметтиг а, ша вовшахтохаран а, дешаран низаман а принципаш а массара а цхьатерра тIеэцна долу низам а дешархошна урокехь лардан дагадаийтар;

– урокехь Iамочу хиламийн мехалчу аспектана дешархойн тидам тIебахийтар, урокехь оьцуш болчу йукъараллин чулацамечу хаамашца церан болх вовшахтохар – цуьнан таллар дIадолор, цу хьокъехь дешархоша шайн кхоллайелла ойла йийцар, цу хаамех лаьцна шайна хетарг алар;

– берашна жоьпаллин, адамаллин, собаре хиларан, патриотизман, адам дезаран, догдикаллин масалш гайтарца дешаран предметан чулацаман кхетош-кхиоран таронех пайдаэцар, царна йеша мегар йолу тексташ а, кхочушдан декхарш а, классехь талла проблемни хьелаш а къастош;

–урокехь дешархойн белхан интерактивни кепех пайдаэцар: дешархойн довзаран мотивацина дог доуьйтуш долчу интеллектуальни ловзарех, шайна урокехь Iамийначу хаарех пьеса хIоттош йолчу дидактически театрах; вовшех йозуш йолу диалог дIайахьаран хаарш карадерзо дешархошна таронаш луш йолчу дискуссех; кхечу берашца йуккъе зIе латторан а, куьйгаллин а болх бан дешархой Iамош болчу тобанашца йа шишшамма цхьаьна бечу балхах;

– берашна Iилма довза дог даийта а, классехь дикачу агIор адамаллин йукъаметтигаш кхолла а, урок йоьдучу хенахь дика йукъаметтиг дIахIотто а гIо деш долу ловзарш урокана йукъадалор;

– деша дог догIуш, дика хаарш долчу дешархоша ледара хаарш долчу нийсархошна т1ехь шефалла дар вовшахтохар, вовшашна гIо-накъосталла даран йукъараллин маьIне зеделлачух пайда а оьцуш;

– теоретически проблема шен лааме кхочушйаран, шен ойланаш кхолларан, уьш кечйаран, кхечу талламхоша биначу белхашца а, кхечеран идейшца а лераме хиларан, аудиторина хьалха паргIат къамел даран, аргументаш йалоран, шена хеташ долчун тIехь чекхваларан хаарш карадерзо дешархошна таро луш долу шаьш а, тобанашца а лехамийн проекташ кхочушйарехь дешархойн лехамийн гIуллакх дIадолор а, цу тIехь гIо дар а.

**10 класс**

| Дешаран курсан дакъа | Кхиоран модуль «Ишколан урок» | Сахьтийн барам | Кхоллараллин белхаш, тестировани |
|---|---|---|---|
| Нохчийн меттан дешан мах | Хаарийн де | 1 | |
| XX-чу бIешеран хьалхарчу эхан нохчийн литература | Нохчийн зудчун де. Предметийн олимпиадаш. Лехамийн болх кхочушбаран урок «Къоман ламасташ» | 14 | 1 |
| Нохчийн литература Сийлахь-боккха Даймехкан тIом лаьттинчу шерашкахь | Даймехкан турпалхойн де | 10 | |
| XX-чу бIешеран шолгIачу эхан нохчийн литература | Дерригдуьненан поэзин де. Байташ йешархойн къовсам «Исбаьхьаллин дош» | 17 | 2 |
| XXI-гIа бIешо доладучу муьран нохчийн литература | Дуьненайукъара театран де. Дуьненайукъара музейн де | 20 | 1 |
| Дешаран шарахь Iамийнарг карладаккхар | Ерригроссин библиотекийн де | 2 | |
| | | | |
| **Дерриг** | | 64 | 4 |

**11 класс**

| Дешаран курсан дакъа | Кхиоран модуль «Ишколан урок» | Сахьтийн барам | Кхолламаллин белхаш, тестировани |
|---|---|---|---|
| Кадыров А-Хь «Хьомсара Нохчийчоь!» стихотворени. Нохчийн литература ненан маттахь кхоллайалар | Хааргйн де | 1 | |
| XX б1ешеран хьалхарчу эхехь нохчийн литературин кхиаран башхаллаш | Нохчийн зудчун де. Дуьненайукъара ишколан книгаш йешархойн де | 3 | |
| XX б1ешеран шолг1ачу эхехь нохчийн литература кхиаран башхаллаш | Даймехкан турпалхойн де | 4 | |
| XX б1ешеран йуьххьехь нохчийн литература кхиар | Дуьненайукъара поэзин де. Байташ йешархойн къовсам «Исбаьхьаллин дош» | 54 | 4 |
| **Дерриг** | | 62 | 4 |

**Поурочное планирование по предмету**

**«Чеченская литература» 10 класс**

| Рог1алла | Урокан чулацам | Сахьт | Ц1ера болх | Хан | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | | | Хьесапца | Билггал |
| 1 | Нохчийн меттан дешан мах. | 1 | А.3-5, схь | 06.09 | |
| 2 | Арсанов Саь1ид-Бейн дахаран а, кхолламаллин а некъ. | 1 | А.6-12 йеша. | 7 | |
| 3 | Арсанов С. А. «Маца девза доттаг1алла» романан дакъош дешар, дийцаре дар. | 1 | А.13-17, хаам кечбе. | 13 | |
| 4 | Арсанов С. А. «Маца девза доттаг1алла» романан чулацам. | 1 | А.18-24, чул. схь. | 14 | |
| 5 | Арсанов С. А. «Маца девза доттаг1алла» романан исбаьхьаллин башхалла. | 1 | Кийсак д/1. | 20 | |
| 6 | Мамакаев Мохьмадан дахаран а, кхолламалли а некъ. | 1 | Б.Т. хаттарш | 21 | |
| 7 | Мамакаев М. «Т1улгаша а дуьйцу», «Даймахке» стихотворенеш ешар, йийцаре яр. | 1 | А.29 хаам кечб. | 27 | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| 8 | Мамакаев М. «Зама» стихотворенеш ешар, йийцаре яр. | 1 | А.30-31 хатт. | 28 | |
| 9 | Мамакаев Мохьмадан поэзин башхалла. | 1 | А.34-37, схь. | 04.10 | |
| 10 | «Зеламха» романан дакъош дешар. | 1 | А.38-40 схь. | 5 | |
| 11 | «Зеламха» романехь зударийн васташ. | 1 | А.41-42 схь. | 11 | |
| 12 | Зеламха обарг валаран бахьана а, хьелаш а. | 1 | А44-46хаам кечбе. | 12 | |
| 13 | Мамакаев М. кхоллараллех лаьцна сочиненина кечам бар. | 1 | Тестан кечам | 18 | |
| 14 | **Сочинени. «Къонахчун дахар».** | 1 | Хаттарш | 19 | |
| 15 | Гадаев Мохьмад- Салахьан лирикан васташ. | | Б.Т.жобпаш йазде. | 25 | |
| 16 | Мохьмад-Салахь Гадаев. Поэтан дахар, кхолларалла. | 1 | А.49-56 схь.. | 26 | |
| 17 | Мохьмад – Салахьан поэзи: «Даймахке сатийсар», «Дай баьхна латта». | 1 | А.60, хаттарш | 08.11 | |
| 18 | Мохьмад – Салахьан поэзи: «Генара кехат». | 1 | | 9 | |
| 19 | Мохьмад – Салахьан поэзи: «Ц1ен берд». | 1 | А.58-59 хаам кечбе. | 15 | |
| 20 | **Классал арахьара дешар.**<br>Гадаев М. «Дарта». | 1 | А.59060 д/1. | 16 | |
| 21 | Гайсултанов 1умар. Поэтан дахар, кхолларалла. | 1 | А.64-65 д/1. | 22 | |
| 22 | «Александр Чеченский» повестан дакъош дешар, чулацам бийцаре бар. Кегий йийсарш. Г1опахь. Вина юрт. | 1 | Б.Т.жобпаш йазде. | 23 | |
| 23 | «Александр Чеченский» повестан дакъош дешар, чулацам бийцаре бар. Марша 1ойла, Кавказ. Бородино. | 1 | А.71-72 д/1. | 29 | |
| 24 | «Александр Чеченский» повестан дакъош дешар, чулацам бийцаре бар. Кавказхой. Чеченский ган лаьа Кутузовна. Дуэль. | 1 | А.75-85 схь. | 30 | |
| 25 | Эдилов Х.Э. Дахар, кхолларалла. | 1 | А.88-91 хаам кечбе. | 06.12 | |
| 26 | Лиро-эпически поэма «Сийлаха». | 1 | А. 91-92 хатт. | 7 | |
| 27 | «Сийлаха» поэмин турпалхойн Ибрах1иман, Сийлахин васташ кхолларан башхаллаш. | 1 | Пл. б/б. | 13 | |
| 28 | «Сийлаха» поэмин исбаьхьаллин башхалла. | 1 | Хаттарш | 14 | |
| 29 | **Тест №1** | 1 | А.96-102 схь. | 20 | |
| **30** | XX б1ешеран 80-чу шерашкахь нохчийн литературе баьхкинчу | **1** | **Кийсак д/1.** | **21** | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | яздархойн кхолларалла.<br>1амийнарг карладаккхар. | | | | |
| 31 | Яшуркаев Султанан дахар а, кхолларалла а. | 1 | А.115-126, схь | 27 | |
| 32 | Яшуркаев С.С. «Самах ду, г1енах ду», «Дагахьбаламаш, дагалецамаш» стихотворенеш. | 1 | А.108-115, схь. | 28 | |
| 33 | Яшуркаев Султанан поэзехь исбаьхьаллин васташ. | 1 | А.131-132<br>д/1. | 10.01 | |
| 34 | Исмаилов Абун дахар а, кхолларалла а. | 1 | А.135-136<br>д/1. | 11 | |
| 35 | Исмаилов А. «Вог1ура воккха стаг», «Кхийра кхаба» стихотворенеш. | 1 | А.139-147, схь. | 17 | |
| 36 | **Классал арахьара дешар.**<br>Исмаилов Абу «Дош». | 1 | А.147-149 хатт. | 18 | |
| 37 | Абдулаев Л. Дахар, кхолларалла. | 1 | Б.Т.жоьпа ш йазде. | 24 | |
| 38 | «Весет», «Диканиг хьахадан кхоьру со». | 1 | Пл. б/б. | 25 | |
| 39 | Абдулаев Лечин поэзин башхалла. | 1 | Хаттарш | 31 | |
| 40 | Бексултанов Мусан дахар а, кхолларалла а. | 1 | А.151-152 д/1. | 01.02 | |
| 41 | Бексултанов М.М. «Дахаран хин генара бердаш» повестан дакъош дешар, чулацам бийцаре бар. | 1 | А.154-158 хаам кечбе. | 7 | |
| 42 | Бексултанов М.М. «Дахаран хин генара бердаш» повестан дакъош дешар, чулацам бийцаре бар. | 1 | А.160-161 д/1. | 8 | |
| 43 | Яралиев Ю. С.-А. дахар а, кхолларалла а. | 1 | А.164-172, схь. | 14 | |
| 44 | Яралиев Ю.С-А. «Г1иллакх» стихотворени. | 1 | А.173-174 хатт. | 15 | |
| 45 | Яралиев Ю.С-А. «Лулахочуьнга» стихотворени. | 1 | Б.Т.хатт. | 21 | |
| 46 | Яралиев Юсупан поэзин башхалла. | 1 | А.177-178 д/1. | 22 | |
| 47 | Ахмадов Мусан дахар а, кхолларалла а. | 1 | А.179-182. Кийсак д/1. | 28 | |
| 48 | Ахмадов М.М. «Лаьмнел а лекха» пьеса. | 1 | А.186-188. Кийсак д/1. | 29 | |
| 49 | Ахмадов М.М. «Лаьмнел а лекха» пьеса. | 1 | Б.Т.хатт. | 06.03 | |
| 50 | **Классал арахьара дешар.**<br>Ахмадов М.М. «Ло ду дог1уш». | 1 | А. 191-192<br>д/1. | 7 | |
| 51 | Сочиненина кечам бар. | 1 | А. 195-198<br>Кийсак<br>д/1. | 13 | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| 52 | **Сочинени «Сан дай баьхна юрт»** | 1 | А. 202 д/1. | 14 | |
| 53 | И.Эльсанов. Дахар, кхолларалла. | 1 | А. 205-208 Кийсак д/1. | 19 | |
| 54 | Исторически повесть «Ц1ег1ачу декхнийн боьлак» Х1инца бен садаьржаш дацара. Г1овг1а. Йоккха стаг. | 1 | А. 211-219, схь | 21 | |
| 55 | «Ц1ег1ачу декхнийн боьлак» повестехь халкъан кхоллам. | 1 | А. 222-224 хаам кечбе. | 03.04 | |
| 56 | «Ц1ег1ачу декхнийн боьлак» повестехь 1алам гайтаран маь1на. | 1 | А. 226-232, схь. | 4 | |
| 57 | «Ц1ег1ачу декхнийн боьлак» повестехь Мехк-Кхелан маь1на. | 1 | А.232-233 хатт. | 10 | |
| 58 | Бисултанов Апти: дахар, кхолларалла. | 1 | А. 235-241, схь | 11 | |
| 59 | Стихотворени «Нохчийчоь». | 1 | А.244-246, схь. | 17 | |
| 60 | Стихотворени «Нана». | 1 | Б.Т.хатт | 18 | |
| 61 | **Классал арахьара дешар.** Бисултанов Апти «Ас хьан ч1абанех г1айг1а юцур ю» | 1 | А.250-257 чул. схьаб. | 24 | |
| 62 | Цуруев Шарипан дахар а, кхолларалла а. | 1 | А. 260-261 д/1. | 25 | |
| 63 | Стихотворени «Нохчийчоьне». | 1 | А. 262-263 хаам кечбе. | 02.05 | |
| 64 | Стихотворени «Йисалахь, Нохчийчоь». | 1 | Тест. кечам бар.. | 8 | |
| 65 | 1амийнарг т1еч1аг1дар. | 1 | Б.Т.хатт. | 15 | |
| **66** | **Тест №2** | **1** | **Б.Т.хатт.** | **16** | |
| 67 | 1амийнарг карладаккхар. | 1 | | 22 | |
| 68 | Жам1даран урок | 1 | | 23 | |

**НОХЧИЙН ЛИТЕРАТУРА 11 КЛАСС**

| № | Урокан чулацам | Сахьт | Хан | |
|---|---|---|---|---|
| | | | Планаца | Билггал |
| 1 | Кадыров А-Хь «Хьомсара Нохчийчоь!» | 1 | 06.09 | |
| | **XX б1ешеран хьалхарчу эхехь нохчийн литературин кхиаран башхаллаш ( 3)** | | | |
| 2 | XX б1ешо доладуш нохчийн литература кхоллайаларан некъийн цхьайолу башхаллаш | 1 | 7 | |
| 3 | Нохчийн литература ненан маттахь кхоллайалар | 1 | 13 | |
| 4 | Даймехкан т1ом исбаьхьаллин дашехь | 1 | 14 | |
| 5 | **XX б1ешеран шолг1ачу эхехь нохчийн литература кхиаран башхаллаш (4с).** 1960-г1а шераш. Окуев Ш. «Лай т1ехь ц1ен зезагаш»романан обзор | 1 | 20 | |
| 6 | 1960-г1а шераш.Сулаев М. «Тавсолта ломара д1авоьду» романан обзор | 1 | 21 | |
| 7 | 1970-1990-чуй шерийн проза Айдамиров А. «Дарц» | 1 | 27 | |
| 8 | 70-90-г1ий шерийн поэзи Айдамиров А. «Вина мохк»,Арсанукаев Ш. «Ненан мотт» | 1 | 28 | |
| 9 | **XX б1ешеран йуьххьехь нохчийн литература кхиар (54с +4)** Х1инцалера проза а, поэзи а. Арсанукаев Ш., К.Ибрагимов,Абдулаев Л., Бексултанов М… | 1 | 04.10 | |
| 10 | Х1инцалера проза а, поэзи а. Айдамирова М., Идигова Ж.,Талхигова Роза,Абубакарова Пет1амат | 1 | 5 | |
| 11 | Литературин родаш. Драматурги. | 1 | 11 | |
| 12 | Исаева Марьяман дахар а, кхолларалла а | 1 | 12 | |
| 13 | «Ирсан орам» Воха мегар дац | 1 | 18 | |
| 14 | Дог ца 1ийна | 1 | 19 | |
| 15 | Нанас йинарг хилла | 1 | 25 | |
| 16 | Доккха инзар | 1 | 26 | |
| 17 | Д1адевлларш | 1 | 08.11 | |
| | | | | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 18 | Кхаъ | 1 | 9 | |
| 19 | Дош-болат | 1 | 15 | |
| 21 | «Еха буьйсанаш» романан документальни, исторически бух | 1 | 16 | |
| 22 | «Еха буьйсанаш» Нохчмахке | 1 | 22 | |
| 23 | «Еха буьйсанаш» Къастар | 1 | 23 | |
| 24 | «Еха буьйсанаш» Б1е цхьолаг1а буьйса | 1 | 29 | |
| 25 | «Еха буьйсанаш» Данч1а | 1 | 30 | |
| 26 | **Сочинени** «Еха буьйсанаш» романехь нохчийн зударийн кхоллам» | 1 | 06.12 | |
| 27 | Романах болу кхетам к1аргбар | 1 | 7 | |
| 28 | Ахматова Раисин дахар а, кхолларалла а.«Даймахке» | 1 | 13 | |
| 29 | Ахматова Р. «Нене». | 1 | 14 | |
| 30 | Ахматова Р. «Сан йурт». | 1 | 20 | |
| 31 | **Тест** «1амийнарг карладаккхар,т1еч1агдар» | 1 | **21** | |
| 33 | Ахматова Р. «Дагалецамийн новкъа» поэмин турпалхочун васт- нохчийн зудчун типически кхоллам | 1 | 27 | |
| 34 | Лиро- эпически жанрах кхетамбалар | 1 | 28 | |
| 35 | Сулейманов А. «Дог дохде ц1е» | 1 | 10.01 | |
| 36 | Сулейманов А. «Берд», «Батто сагатдо» | 1 | 11 | |
| 37 | Сулейманов А. «Ламанан хьостанаш» | 1 | 17 | |
| 38 | Арсанукаев Ш. «Весет» | 1 | 18 | |
| 39 | Арсанукаев Ш. «Нийсонна гимн», «Ненан мотт» | 1 | 24 | |
| 40 | Арсанукаев Ш. «Мохкбегор», «Диццдина илли» | 1 | 25 | |
| 41 | Арсанукаев Ш. «Кхолламан сизаш» (1-5-г1а корт.) | 1 | 31 | |
| 42 | Арсанукаев Ш. «Кхолламан сизаш» (6-12-г1а корт.) | 1 | 01.02 | |
| 43 | **Сочинени** «Арсанукаев Шайхин дахаран некъ» | 1 | 7 | |
| 44 | Рашидов Ш. «Баланах дуьзна дог», «Пондар боьлху» | 1 | 8 | |
| 45 | Рашидов Ш. «Аружа»-исторически хиллачийн буха т1ехь йазйина поэма | 1 | 14 | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 46 | Гацаев С. «Йише Маржане», «Хаьий хьуна Фирдоуси» | 1 | 15 | |
| 47 | Гацаев С. «Хатта хьайна Саидига», «Хийла нохчийн к1ант» | 1 | 21 | |
| 48 | Ахмадов М. «Нохчийн махкахь нохчийн маттахь» | 1 | 22 | |
| 49 | Ахмадов М. «Зингатийн барз ма бохабелахь» (1-2-г1а дакъ.) | 1 | 28 | |
| 50 | Ахмадов М. «Зингатийн барз ма бохабелахь» (3-5-г1а дакъ.) | 1 | 29 | |
| 51 | Дикаев М. «Стеган ц1е» | 1 | 06.03 | |
| 52 | Дикаев М. «Нохчийн х1усам», «Суна лаьа» Стихаш кхолларан кепаш | 1 | 7 | |
| 53 | Бексултанов М. «1аьржа б1аьрг» | 1 | 13 | |
| 54 | Бексултанов М. «Хьалхара парта» | 1 | 14 | |
| 55 | Бексултанов М. «Корталин Хантоти» | 1 | 19 | |
| 56 | Шайхиев 1. «Стаг велча йуьртахь зударий боьлху», «Аса а ма лайна…» | 1 | 21 | |
| 57 | Шайхиев 1. «Дерачу кхолламан кхел» повесть | 1 | 03.04 | |
| 58 | «Дерачу кхолламан кхел» Аьрзу | 1 | 4 | |
| 59 | Алиев Г1. «Къонахийн зама», «Х1ун лозу хьан, Нохчийчоь?» | 1 | 10 | |
| 60 | Алиев Г1. «Къонахе», «До1а» | 1 | 11 | |
| 61 | Ибрагимов К. кхолларалла. | 1 | 17 | |
| 62 | Ибрагимов К. «Берийн дуьне» (10-г1а корта) | 1 | 18 | |
| 63 | Ибрагимов К. «Берийн дуьне» (11-г1а корта) | 1 | 24 | |
| 64 | Казбеги А. дахар а, кхолларалла а. | 1 | 25 | |
| 65 | «Элиса» повесть ешар, йийцаре йар. | 1 | 02.05 | |
| 66 | «Элиса» (1-6-г1а дакъ.) | 1 | 8 | |
| 67 | Кулиев К. дахар а, кхолларалла а. | 1 | 15 | |
| 68 | Кулиев К. «Хиндолчуьнга аьлла байташ» | 1 | **16** | |
| 69 | **Тест** «1амийнарг карладаккхар,т1еч1агдар» | 11 | 22 | |
| 70 | Жам1даран урок | | 23 | |